# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA EKONOMIKALIQ REFORMALAR TARIYXÍNAN (2017-2021 jj.)

t.i.k. **A.K. Sarıbaev**
*NMPI, Tariyx oqıtıw metodikası kafedrası*

Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń Háreketler strategiyası boyınsha mámleketimizde alıp barılǵan xalıqshıl siyasat, ekonomikanı liberallastırıw hám sociallıq qorǵawǵa berilgen ayrıqsha itibar nátiyjesinde Ózbekstan, sonın menen katar Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń barlıq tarawları rawajlanıwdıń jańa basqıshına kóterildi. Bunday unamlı nátiyjeler negizinde Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziёev tárepinen qabıl etilgen anıq maqset hám wazıypalardı ózinde jámlegen Párman hám qararlar úlken áhmiyetke iye boldı. Bul hújjetler xalqımızdıń abat turmısın támiyinlew jáne olarǵa qolaylı sharayat jaratıw, ekonomikamızdı bekkemlew, xalıqtıń dáramatların arttırıw, isbilermenlikti rawajlandırıw, xalıq xojalıǵı tarawlardı bunnan bılay da jetilistiriwge áhmiyetli tiykar boldı.

Sonday-ak, bul dáwirde elimizdiń jańa rawajlanıw basqıshında eń dáslep, aymaqlardı, rayon hám qalalardı kompleks hám teńsalmaqlılıqta sociallıq-ekonomikalıq jaqtan rawajlandırıw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 18-yanvardaǵı «2017-2021-jıllarda Aralboyı regionın rawajlandırıw baǵdarlaması haqqında»ǵı qararına muwapıq, xalıqtıń salamatlıǵın tiklew hám qorǵaw, ekologiyalıq mashqalalardı kemeytiw, injenerlik-kommunikaciyalıq tarmaqlardı qurıw jumıslar ámelge asırıldı, sonıń menen birge Moynaq, Shomanay, Qanlıkól, Taxtakópir, Shımbay rayonlarında sanaat tarawlarında jańadan shólkemlestirilgen mikrofirmalar menen kishi kárxanalar salıq tólemlerinen azat etildi. Al, usı jıl 28-fevraldaǵı «Qaraqalpaqstan Respublikası Moynaq rayonın 2017-2018-jıllarda ekonomikalıq rawajlandırıw hám xalıqtıń bántligin támiyinlew boyınsha qosımsha ilajlar baǵdarlaması haqqında»ǵı qararı usı rayonnıń social-ekonomikalıq rawajlanıwına tiykar jarattı (1: 1).

Sonday-ak Prezidentimizdiń arnawlı qararı tiykarında sanaat potencialın jáne de arttırıw maqsetinde Shımbay, Qońırat, Taqıyatas, Xojeli, Ámiwdárya, Beruniy rayonlarında sanaat zonaları shólkemlestirildi (2: 2). Sonı da ayrıqsha atap ótiwimiz kerek, Qaraqalpaqstandı hár tárepleme rawajlandırıw ushın Prezidentimizdiń tárepinen 2020-jılı áhmiyetli eki qarar qabıl etildi. Birinshisi, 11-noyabrdegi «2020-2023-jılları Qaraqalpaqstan Respublikasın sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı

qararı menen xalıqtıń turmısın jaqsılaw jáne barlıq qala hám rayonlardı, tarawlardı jedel rawajlandırıwǵa xızmet etetuǵın baǵdarlama belgilep alındı. Ekinshisi, 2020-jıl 5-dekabrdegi «Qaraqalpaqstan Respublikasında suw resurslarınan nátiyjeli paydalanıw hám jerlerdiń meliorativlik jaǵdayın jaqsılaw boyınsha keshiktirip bolmaytuǵın ilajlar haqqında»ǵı qarar bolıp, onı Aralboyında jasawshı pútkil xalqımız táǵdirine baylanıslı bolǵan xalıqtıń turmıs abadanlıǵın jaqsılawǵa tiykar jaratatuǵın áhmiyetli hújjet boldı (3: 2). Sonıń menen birge, elimizdiń basshısı Qaraqalpaqstandı bunnan bılay da rawajlandırıwda bes tiykarǵı wazıypanı belgilep berdi. Atap aytqanda, investiciyalardı keńnen tartqan halda sanaattı jedel rawajlandırıw, import ornın basatuǵın ónimler islep shıǵaratuǵın kárxanalardı kóbeytiw, kishi biznes jáne jeke isbilermenlikti qollap-quwatlaw, sol arqalı xalıqtıń bántligin támiyinlew, awıl xojalıǵına zamanagóy texnologiyalardı keńnen engiziw hám ónimlerdi qayta islep shıǵarıwdı kóbeytiw ilajları belgilendi.

Bunnan tısqarı, zamanagóy injenerlik-kommunikaciya, jol-transportı, sociallıq infrastrukturanı jaratıw, usı arqalı xalıqqa, sonıń menen birge isbilermenlik subektlerine qolaylı sharayat jaratıw, Aralboyı xalqınıń jasaw sharayatların jaqsılaw boyınsha wazıypalar belgilendi. Usılar menen bir qatarda, kem támiyinlengen, járdemge mútáj shańaraqlardı qollap-quwatlaw maqsetinde «Temir dápter», «Hayal-qızlar dápteri», «Jaslar dápteri» jolǵa qoyıldı.

Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasınıń qabıl etilip, onda mámleketimizde isbilermenlikti rawajlandırıw hám qollap-quwatlaw eń baslı maqsetlerdiń biri etip belgilendi. 2017-2021-jıllar dawamında kishi biznes hám jeke isbilermenlikti qollap-quwatlaw maqsetinde amelge asırılgan jumıslar – salıq hám basqa da tólemlerde jeńillikler beriw, jańa jumıs orınların jaratıw, isbilermenlerdiń mashqalaların sheshiwde mámleketlik xızmetler agentligi orayları shólkemlestiriliw, Biznes-Ombudsman bólimleriniń jumıs baslaǵanı, Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń Isbilermenlerdiń múrájatların kórip shıǵıw qabıllawxanalarınıń ashılǵanlıǵı ayrıqsha áhmiyetke iye boldı.

Qaraqalpaqstanda bul jılları isbilermenlikti jáne de jedel rawajlandırıwǵa itibar kúsheytirilip, respublikada isbilermenlikti rawajlandırıw, investiciyalardı tartıw hám biznes júrgiziw ushın qolaylı ortalıq jaratıw, isbilermenlerdiń nızamlı máplerin qorǵawdıń huqıqıy kepilliklerin bekkemlew tarawında keń kólemli jumıslar ámelge asırıldı. Usınday qolaylı sharayatlar jaratılıwı nátiyjesinde kishi biznes hám jeke isbilermenlik subektleriniń sanı Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha 2000-jılda 9063 ti quraǵan bolsa, 2021-jılǵa kelip olardıń ulıwma sanı 20 mıńǵa jetti (4: 1).

Usı joqarıdaǵı baǵdarlamalardıń tabıslı ámelge asırılıwı nátiyjesinde Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń jəne de bekkemleniwi, isbilermenlikti qollap-quwatlaw, xalıqtıń turmıs abadanlıǵın arttırıw həm insanlardı sociallıq qorǵaw sıyaqlı iygilikli isleri, sanaat, awıl xojalıǵı, qurılıs, transport, sawda hám basqa da tarawlarda joqarı nátiyjelerige eristi. Ulıwma alǵanda, 2017-2021-jıllar dawamında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń jalpı aymaqlıq ónimi 32% osiw támiyinlendi. Bunda sanaat islep shıǵarıw 30%, awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıw 20%, iskerlik kórsetip atırǵan kárxanalar sanı 59% ósti. Sonıń menen birge, 2.278 km suw trubaları tartıldı hám ońlandı, 4.390 mıń kvadrat metr úy-jay paydalanıwǵa tapsırıldı, mektepke shekemgi oqıw orınlarında 15,2 mıń, mekteplerde 38,3 mıń orın jaratıldı, 127 mıńǵa jaqın jańa jumıs ornı jaratıldı (5: 21). Bul Qaraqalpaqstanda ekonomikanıń barlıq tarawlarında makroekonomikalıq kórsetkishlerdiń turaqlılıǵı dawam etip atırǵanın kórsetedi hám putkil elimiz qatarında Qaraqalpaqstannıń ekonomikası da joqarı pátler menen rawajlanıp atırǵanının nátiyjesi bolıp tabıladı.

**Paydalanılǵan derekler:**

1. «Erkin Qaraqalpaqstan». 2017 jıl 8 avgust
2. «Erkin Qaraqalpaqstan». 2018 jıl 31 avgust
3. «Erkin Qaraqalpaqstan». 2021 jıl 1 iyul
4. «Erkin Qaraqalpaqstan». 2021 jıl 3 may
5. ТА Министерство экономики Республики Каракалпакстан. Инфографика: Социально-экономическое развитие Республики Каракалпакстан за 2017-2021 годы. – Н., 2022